

Tata Pangibadah Brayat
Minggu, 27 September 2020
GKJ Rewulu

SANGSAYA CAKET SANGSAYA RAKET

(Pasamuwan Jumeneng)

P2 : Pasamuwan ingkang kinasih, kanthi bingah lan kebaking pangajeng-ajeng sumangga kita sesarengan nyatunggilaken manah kita wonten ing pangibadah brayat punika, ngraos-ngraosaken katresnan lan pangandikanipun Gusti kanthi jejer : “*Sangsaya Caket Sangsaya Raket*”. Mugi Roh Suci nyagedaken kita mujudaken gesang ingkang rumaket dumateng Gusti lan sesami.

Mila sumangga kita nyawisaken manah kita kanthi lumebet wonten ing wekdal ening. Wekdal ening kangge kita sedaya.

(wekdal ening sakwetawis)

Votum lan Salam

P1 : Sumangga pangibadah punika kita senger kanthi pengaken :
Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi punika tusing pitulungan kita. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing panjenengan (kula) sadaya. Amin.

Kidung Pambuka

KPJ 29:1-3 SUMANGGA SOWAN GUSTI

1. Sumangga sowan Gusti. Haléluya!

Srana kidung pamuji. Haléluya!

2. Tyang pracaya nyawiji. Haléluya!

Ing tresna tulus yekti. Haléluya!

3. Pujèkna gung panggunggung. Haléluya!

Kidung konjuk Hyang Agung. Haléluya!

Pangakening Dosa

P1 : Pangandikanipun Gusti Bab Katresnan saking Rum 12:9 ingkang mekaten : *“Tresna iku ditampa lamis! Padha gethinga ing piala sarta nglakonana panggawe becik.”*

Para sadherek kekasihipun Gusti, srana migatosaken pangandikanipun Gusti punika, cetha sanget anggen kita boten saged nindakaken katresnan kanthi sampurna, Punika nedahaken karingkahan kita minangka manungsa dosa. Pramila sumangga kita sowan Gusti ngakeni tuwin nelangsani dosa kita, kanthi pandonga pribadi. (P1 mungkasi kanthi pandonga)

Kidung Panelangsaning Dosa

KPJ 63:1-2 TYANG NAJIS NDLARUNG ING DOSA

1. Tyang najis ndlarung ing dosa, tinampik mring swarga.

Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha.

Reff :

Nyuwun suci, adhuh Gusti,

nyuwun suci, nyuwun suci

2. Tyang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi.

Adhuh Gusti, mugi karsa mbirat dosa kula.

Reff :

Nyuwun suci, adhuh Gusti,

nyuwun suci, nyuwun suci

Atur Pisungsung

P2 : Sumangga kita sami ngaturaken pisungsung dhumateng Gusti, kita dhasari pangandikanipun Gusti ingkang sinerat wonten ing **Wulang Bebasan 3:9-10** ingkang mekaten : *“Pangeran Yehuwah luhurna kalawan bandhamu lan srana kawitaning sakehe pametumu; temah lumbungmu bakal dikebaki nganti luber.”*

Kempaling pisungsung, sinarengan repeking **KPJ 154:1-2**
ADRENGING TYAS KULA

KPJ 154:1-2 ADRENGING TYAS KULA

1. Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi, kula kagunganta.

Reff :

Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang,
jiwa lan raga, wit kula tan darbe bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.

Mung punika Gusti, panyuwun kula, mugi katampia
atur kawula, mrih gesang kawula kagama Paduka
pirantos sapala.

2. Saiba endahing sih-tresna Paduka, Gusti;

kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff :

Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang,
jiwa lan raga, wit kula tan darbe bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.

Mung punika Gusti, panyuwun kula, mugi katampia
atur kawula, mrih gesang kawula kagama Paduka
pirantos sapala.

Pandonge Pisungsung lan Panampi Sabda (P2)

Peladosan Sabda

P1 : (Maosaken **Mateus 21:23-32**)

“Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken, HALELUYA!”

U : (*ngidungaken*) Haleluya 12x

Wedharing Sabda

SANGSAYA CAKET SANGSAYA RAKET

Mateus 21:23-32

Tipe manungsa anggenipun mangsuli pitakenan punika benten-benten. Wonten ingkang langsung paring wangsulan, wonten ingkang saestu ngatos-atos anggenipun paring wangsulan, lan wonten ugi tiyang ingkang mangsuli pitakenan kanthi pitakenan ugi. Punika mbok menawi asring ingkang dadosaken tiyang sanes punika bingung “*wong ditakoni kok malah mbalik takon*”. Ananging nalika tiyang punika paring wangsulan kanthi pitakenan mbok menawi wonten kalih bab ingkang dipunpenggalih. Ingkang sepisan pancen piyambakipun mboten mangertosi jawabanipun ananging ingkang kaping kalih sejatosipun tiyang punika sampun mangertosi jawabanipun lan mbikak ruang kangge sami pirembagan (diskusi) kalian tiyang ingkang ndamel pitakenan punika.

Wonten waosan kita punika Gusti Yesus taksih paring piwulang wonten ing Padaleman suci. Lan wonten wegdal punika awit raos kuwatos lan ajrih kalian kawontenanipun Gusti Yesus ingkang saged mengancam popularitasipun, imam lan pinisepuhipun bangsa Yahudi atur pitakenan dumateng Gusti Yesus : ***Ingkang dipuntindakaken Gusti Yesus punika kanthi panguwaos ingkang pundi lan sinten ingkang maringi panguwaos punika dhateng Gusti Yesus?*** (Ayat 23). Mireng pitakenan punika Gusti Yesus paring wangsulan kanthi pitakenan. Temtu mboten ateges Gusti Yesus mboten pirsu wangsulanipun, ananging Gusti Yesus badhe bikak ruang kangge pirembagan kalian imam lan pinisepuh, langkung-langkung Gusti Yesus ugi badhe mirsani kados pundi pemanggihipun imam lan pinisepuh punika. Lan Gusti Yesus paring pitakenan dateng para imam lan pinisepuh bab Pambaptisipun Nabi Yokanan punika saking swarga napa manungsa? (ayat 25). Mireng pitakenan punika, lajeng

sami pirembagan. Ananging tiyang-tiyang punika mboten saged sami mangsuli napa ingkang dados pitakenanipun Gusti Yesus. Awit tiyang punika gadahi pemanggih menawi wangsulanipun saking swarga, temtu Gusti Yesus saged ngendika dhateng imam lan pinisepuh kenging punapa kok sami mboten pitados. Ananging menawi wangsulanipun saking manungsa, tiyang-tiyang punika sami ajrih dhateng tiyang kathah awit tiyang kathah sami ngakeni bilih Yokanan punika nabi. Pirsabab punika lajeng Gusti Yesus paring pasemon bab anak loro. Dipungambaraken punika wonten tiyang sepuhipun (Bapak) dhawuh dateng putranipun ingkang mbarep lan ongko kalih supados sami nyambut damel wonten ing kebon anggur. Putra ingkang mbarep mangsuli: ‘inggihi pak’ ananging mboten mangkat. Putra ongko kalih, mangsuli ‘kula mboten purun’, ananging saksampunipun kaduwung (menyesal) nuli putranipun mangkat. Lajeng Gusti Yesus ngendika : “Pundi ingkang nindakake karepe bapakne?” lan sami matur ingkang kantun (ongko kalih). Gusti Yesus negesaken malih bilih juru-mupu-beya lan para wanita tuna-susila pitados dateng napa ingkang dipunngendikakaken dening Yokanan Pambaptis tinimpang para pemimpin agami. Langkung-langkung Gusti Yesus ngendika para juru-mupu-beya lan para wanita tuna-susila ndhisiki anggenipun lumebet wonten ing Kratoning Allah.

Pasamuwan ingkang kinasih,

Para imam lan pinisepuh bangsa Yahudi punika sestu secara ritual agami punika sae. Karohanenipun sae. Ananging punika namung bab pemanggihipun. Apalbab agami, teorinipun sae. Ananging kasunyatanipun namung lamis (munafik). piyambakipun remen njeksani tiyang sanes, nganggep tiyang sanes punika langkung asor tinimbang piyambakipun, kumeren kalian tiyang sanes, remen pados kalepatanipun tiyang sanes. Kados pasemon putra mbarep ingkang awalipun mangsuli inggihi ananging kasunyatanipun mboten nindakaken punapa ingkang dados dhawuhipun tiyang sepuhipun. Ananging langkung sae, Gusti Yesus ngendika langkung sae kados putra ongko kalih ingkang awalipun mboten mangsuli kanthi sae, ananging awit kaduwung (mratobat) piyambakipun lajeng nindakaken napa ingkang dados dhawuhipun Sang Rama. Tegesipun langkung sae kados tiyang ingkang dipunanggep tiyang dosa dateng para imam lan pinisepuh, nggihi punika juru-mupu-beya lan para wanita tuna-susila, ingkang nalika mireng bab pawartos kawilujengan saking Yokanan Pambaptis piyambakipun langsung mratobat lan pitados.

Ingkang dados pitakenan dhateng kita sedaya, kita punika kinten-kinten anak mbarep napa anak ongko kalih?

Dados tiyang ingkang saestu secara karohanen/agami punika sae, kadosipun punika seastu celak kalian Gusti Allah. Rajin anggenipun nindakaken ritual ibadah, apal kathah ayat-ayat wonten ing kitab suci, ananging sesambetan kalian tiyang sanes punika tebih. Asringipun njeksani tiyang sanes, kumeren kalian tiyang sanes, mboten ngajeni tiyang sanes. Ananging saking pangandikanipun Gusti punika nelakaken supados kita punika mratobat, celak kalian Gusti Allah ananging ugi rumaket kalian sesami kita. Pangibadah mboten namung mbangun sesambetan kalian Gusti Allah ananging ugi kalian manungsa. Mboten namung kita mbangun sesambetan caket kalian Gusti Allah ananging wonten ing gesang saben dinten kita ugi kedah mbangun sesambetan ingkang raket kalian tiyang sanes, mboten malih kumeren kalian tiyang sanes, ngajeni tiyang sanes lan temtunipun nresnani tiyang sanes. Satemah gesang kita sansaya caket sansaya rumaket kalian Gusti Allah lan manungsa. Pangibadah kita mboten lamis ananging saestu dados renanipun Gusti Allah. Gusti mberkahi. Amin.

Wekdal Ening

Pandongga Syafaat (P1)

- * Sedaya umat saged nglampahi sabdanipun Gusti
- * Sedaya umat kaparingan kasarasan jasmani lan rohani
- * Bangsa lan Negari
- * Tim Medis
- * Pasien Covid-19 lan brayat pasien Covid-19
- * Donga Rama Kawula

Pangaken Pitados (P2) (jumeneng)

Kidung Pangutusan

KPJ 439:1 ING JAGAD KANG PETENG

1. Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang nggresula
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.

Reff :

Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngengetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah

Berkat

P1 :Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kula sedaya)
lan ngayomi panjenengan (kula sedaya).
Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipn dhateng
panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat.
Pangeran Yehuwah karsa nungkulaken cahyaning wedananipun
dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu. Amin

Kidung Panutup

KPJ 439:2 ING JAGAD KANG PETENG

2. Angundhangna sih rahmate Gusti

kanthi setya nglampahi;
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja

Reff :

Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngengetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah

